

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Èske nou ka drible lavi?

Gary S. Daniel ap reponn

Nan galri powèt ayisyen ki plis detèmine pou mennen pwezi a sou teren lavi a epi fè nou konprann li tankou yon match foutbòl, Gary S. DANIEL chita kè pòpòz, li kwaze pye l nan powèm ak yon lonn zetwal nan plamen li.

Li klè, Gary S. DANIEL nou tout konnen sou non Nèg Gonbolyen, ak tout boul kristal Okap nan je l, envite nou pale ak lavi, entèwoje l, poze l kesyon, rale l sou kòd, jwe tout kalite jwèt avè l epi fè l konnen, nou se jenerasyon moun ki pa pè gade ata Bondje nan je, ale wè pou danje. Se yon egzèsis tou nèf tout atisplim ta dwe fè pou mennen ekriti a nan jijman. Sanble pa gen pi bèl eksperiyans pase sa, lè sitou powèt la kanpe kinalaganach pou li raple limanite lavi dwe eksitan.

Se konsa, Gary S. DANIEL itilize pwezi a kòm espas, refij, teritwa, nou pa ka pè di sa, pou non sèlman li abite, men tou pou li renmèt lavi monnen pyès li. E jwèt rale mennen vini sa a nou jwenn li nan divès zèv otè a pibliye deja. Nou ka site : *Kanmizòl nan peyi Gonbolyen, Pwezi gòl, Foutbòl lavi 2 a 1, Litani pou woz, apre vwayaj nan peyi Gonbolyen*, pou nou site piblikasyon sa yo sèlman.

Nan kad piblikasyon dènye liv kreyatè a ki pote tit *Drible lavi*, nou te kwaze ak otè a epi poze l kèk kesyon pou ede nou pi byen sezi filozofi ki kache dèyè filozofi foutbòl lavi a. Manm Sosyete Koukouy la te pran plezi reponn nou. Nou envite w fè vwayaj sa ak nou.

Iléus PAPILLON : Gary Daniel, ou se yonn nan powèt ayisyen ki plis aktif nan dènye moman sila yo. Ou fenk pibliye *Drible lavi: si w kapab?* Di nou, kote lide sila soti, lè nou konsidere liv sa, se yon suit de plizyè zèv ou pibliye deja?

Gary DANIEL: Mwen kontan anpil ou ban m posibilité pou m reponn kèk kesyon sou *Drible lavi...* ak lòt liv pwezi mwen pibliye. Lane pase nan mwa fevrile 2024, mwen te pibliye yon lòt rekèy pwezi ki rele *Twa Powèm pou Mounite Fleri*. Se yon liv pawoli Doktè Sandy Laroze, yon jèn tankou w, te ekri lanpatèks lan pou mwen.

Se pou m di w *Drible lavi...* te pou soti anvan *Twa Powèm pou Mounite Fleri* osinon se pou m ta di w daprè konsèy kanmarad Sosyete Koukouy Seksyon Kanada mwen yo te ban m, mwen vin chanje lide mwen te gen anvan an pou m te kenbe teknik foutbòl la, kote se pa sèlman 11 mo osinon 11 silab men 11 liy tou. *Twa Powèm pou Mounite Fleri* pote nan chak powèm yo estwòf ki gen 11 liy ladan yo esekte yon sèl nan estwòf yo ki gen 10 liy.

Ki fè, depi apre twa premye plakèt pwezi m pibliye yo, mwen rantre nan aplikasyon grandèt Mouvman Kreyòl/Sosyete Koukouy yo te swete reyalize, pa sèlman nan nannan woman, listwa, nouvèl, elatriye, pa sèlman nan vizyon yo kote yo te toujou pouse pou Literati kreyòl ayisyen an janbe dlo, tankou kòkennchenn travay kouzen Anivince Jean-Baptiste (Tivince) ap fè ak Festival Entènasyonal Literati Kreyòl men tou nan fason ak teknik pou nou kreye fòm literè inik ak lang kreyòl la. Grandèt yo te toujou mande nou pou nou pa rete suiv sa lòt peyi ap fè nan literati a men vini ak wout pa nou tou pou moun ka sib nou tou.

Mwenmenm, nan literati, kit franse, kit espagnòl, kit angle e kèlkeswa lòt lang osinon wout nèf pozitif Ayisyen parèy mwen fè an, se pou m bat bravo pou li. Paske Grandèt yo ki te kreye nasyon ayisyen an kreye yon nasyon inik pou bay mo libète a vrè sans li alawonnbadè sou planèt tè a.

Se ak santiman vizyonè sa yo avoka, powèt, imanis Mèt Moïse kreye "Moïku" e mwen pibliye nan Edisyon Freda: {"Mòykou san "r" "oun"} an kreyòl jis pou m aplodi bèl travay sa a.

Se pa sèlman lanmou, lapenn, souvnans, lapriyè, libasyon, listwa, politik, anviwònman, elatriye. ki inivèsèl anndan mounite n, men tou tout sa ki konsène atizay dwe miwate anba solèy twopikal premye nasyon libelèb a nan monn lan. Konprann, lang nou an pa lang zòt ki pran koulè anba chalè tropikal.

Mwen se Ayisyen, mwen se kreyòl nan nanm malgre se te 2 frè "Colas" ki te soti laFrans ki vin marye ak 2 sè "Butler" ki te soti Pennsilvani, Ozetazini ki vin kale tout "Colas" sa yo ou tande anndan peyi a.

Lide a soti nan fen fon analiz mizik popilè nou yo, chante nanchon an depi nan bato pandan latravèse, pase pa sivivans yo sou labitasyon pandan lesklavaj rive sou espò ki pi popilè nan distraksyon sosyete nou ye a. Filozofi w ap pale a se fondas sous kreyolizay nou ki soti nan oraliti a ak listwa literati Ayiti a ki koumanse wè jou ak Arawak yo, pase pa debwa esklavajis la pou rive sou Asyanis la. Tankou m te di l dènyèman: "Pwezigòl" se pitit "wongòl", se pitit "zwing", se klisaj literè nan lespri manifès Mouvman Kreyòl/Sosyete Koukouy kote vanyan Jan Tanbou mande n kreye pou n flerize literati kreyòl fètèfouni a. Li kapab parèt senp pou anpil ekritè e se nan senplisite lespwi pran jarèt.

Ak Pwezigòl, nou demontre kouman lavi a se yon jwèt foutbòl li ye kote l ap toujou kale kèlkelanswa w yon Pele osinon yon Messi alewè pou w ta yon Emmanyèl Sanon ki pete filè gadyen italien an, Zòf, menm. Sa k fè lavi ap toujou genyen se paske l se kòfrefò tout souvnans lezkistans nèg nou ye jodijou.

IP: Èske nou ka atann nou a yon suit, sa vle di, pou nou rejwenn menm filozofi sa nan lòt piblikasyon w ap gen pou w fè?

GSD: Ilé, sa m ta swete reyèlman wè se frap jenn ekriven ki konprann goumen ak koupe souf osinon souf koupe Grandèt yo ki kite liy pou nou pandye lezkistans nou

nan kou lemonn san espere yon segonn moun lòt peyi va rekonèt talan yo konsa yo va santi yo gran osinon pi konnen pase frè ayisyen parèy yo.

Nou tout ap respire menm oksijèn lan epi n ap manje menm manje fre a nou te plante bradsi-bradsou san konplèks pou nou kreye menm jan ak Papa nasyon an JanJak Desalin te mouri kite pou nou an.

Miwatay filozofi sa a nan lòt piblikasyon kapab pran lòt fòm tankou vè libelibè. Mwen gen nan kouti yon plakèt powèm k ap pote non: *Po li ti kay /Poli ti kay nan yon ang pwenti*. Se va toujou vèzman nanm Nèg Gonbolyen an nan yon seri de pawoli pou kontinyasyon kreyolizay fètèfouni n ap chache a.

IP: Men yon kesyon ki ka parèt tankou yon pyèj (riiii). Nou remake gen de gran non nan milye enteletkyèl ayisyen an (Sandy LAROSE ak Henry Robert DURANDISSE, paregzanp) ki salye dènye zèv ou a. Ki sa aksyon sa vle di pou ou?

GSD: Mwen santi m onore paske se de konpayèl ki konnen travay la e san achte figi yo di sa yo santi apre yo fini li maniskri a. Konprann, Doktè Sandy Laroze se yon jenn k ap pwofese yon bon bout tan nan Invèsite Leta Ayiti a epi ki fè anpil rechèch tou. Li konnen sa l ap pale a piske li se yon kreyatè fòm pwezi epi filozòf tou. Henry Robert Durandisse se yon maton literatè ki soti Leyogàn ak yon fòs metasosyoliterè (se mo pa mwen) ayisanis li kiltive pou apresye chalè bèl reyon solèy sou wout kreyolizay fètèfouni nou tout Koukouy yo ap chache a.

IP: Si pou Sandy LAROSE liv Drible lavi si w kapab la voye nou panse mounite (limanite, viv nan fraternité) yon lòt fason, pou Henry Robert DURANDISSE, liv sa se yon selebrasyon angajman yon pèp ki kanpe danbann ak lang li kòm zouti rezistans, pilye idantite l pou l kanalize desten l, kijan w twouwe kritik sila yo?

GSD: Bon, mwen panse yo daplon nan sa yo wè a. Mwen pa janmen ni renye ni wont anbwase mounite mwen. Mwen itilize lang manman mwen san grata tèt. Sa k di a se lè w wè pwòp ayisyen parèy ou ap denye se Ayisyen yo ye epi depi yo ta gen yon plòm sa fè yo siperyè pase yon lòt moun. Konsa mwen pa kwè yo reflechi yon fraksyon segonn piske tout edikasyon yo soti kote yo renye a, kote yo te fèt la, kote kòd lonbrit yo tere a.

Se banbou, se tanbou, se vaksin, se kata, se rara, se wozali, se madan blan, se mang ti bòzò, se mang doudous, se kann kale, se lamveritab, se kasav, se chanmchanm, se bougonnen, elatriye..

Alòs, lè w konprann nan mitan tout mèvèy natirèl sa yo ou jwenn bèl negrès ak marabou kòman pou w fè pou pa renmen Ayiti tè paradizyak sa a ak bèl plaj, bèl lanmè, bèl rivyè ak basen tankou Basen Zim nan Ench?

IP: Nou konnen sa gen anviwon 40 lane depi w ap viv kay Tonton Sam (Etazini) malgre sa, ou toujou bradsoubradsa ak lang peyi w. Poudayè, se ladan ou pibliye pi fò zèv ou. Ki sa Gary DANIEL montre nan demach sila?

GSD: Wi! Mwen genyen plis pase 40 lane vre depi m ap viv kay Tonton Sam. Sa pa retire yon zing nan lanmou m pou peyi m. Mwen kite Ayiti, sam m pa te konnen tout tan sa a t ap bare m deyò. Men Ayiti pa janmen kite m. Si gen moun ki vini Ayiti ki damou l san yo pa te fèt ladann se pa mwen ki gen lonbrit mwen tere Okap ki pa ta santi chalè sa a. Genyen 2 moun nan mitan anpil lòt ankò m kapab site: Katrin Denanm ak TiKòn. Yo toulede demonstre m pa a plis b kouman nati peyi a melanje ak listwa l liminen flamm sou tèt bwapen lanmouray yo. An pasan m vle w konnen se gran papa m ki te konn mennen TiKòn lekòl pou anbasadè Shut. E nan yon nan CD TiKòn yo si se pa anvan dènye CD li a, li dedikase yon mizik ki rele "Plakatap Plakatap" ki te ti non gran papa m Frank Preval Daniel ki soti Dondon, pou li.

Alòs, nan demach utilizasyon lang kreyòl la, mwen vle demonstre se pa lang ki fè moun e mounite ayisyen an se inik idantite ki lib e libè nan echèl sosyal mondial la. Si swadizan gran peyi nan monn lan ap toupizi lòt peyi nan zafè materyèl, swadizan gran peyi sa yo p ap janmen jwenn grandè nanm idantité ayisyen an piske divize pou mete pye sou kou yon Ayisyen se boure plis oksijèn rezilyans pou l toujou ekziste etènèlman.

Se rezon sa a vrè Ayisyen an ap toujou di tankou Moriso Lewa te di li: Viv Papa Desalin!

Se Iléus PAPILLON ki te kesyon otè a.

Ki te mele mwen

Otè : Henri-Robert Durandisse

Powèt / Ekriven

Magda leve bonè chak maten pou li ale lekòl. Nan lakou lekòl la, li toujou lakontantman, men li konn santi tou yon presyon ki lou sou do li. Li renmen aprann, li renmen lekti, men gen yon royalite ki mete li malalèz: chak fwa li pale kreyòl, yo joure li, yo pase li nan rizib.

Nan lekòl li ye a, franse se lanng prestij. Se li yo mete devan, se li yo itilize pou yo ekri sou tablo, se li yo egzije pou tout egzamen. Yon bann timoun pran kreyòl kòm jwèt. Yo kwè li pa vo anyen. Magda, limenm, li konprann lang kreyòl pa ka yon wont, paske se li ki charye lavi li.

Yon lendi maten, Magda antre nan klas li avèk yon kè sote. Madmwazèl Mari ap tann elèv yo ak yon liv franse nan men li. Li kòmanse yon egzamen oral.

— Madmwazèl Mari di : Magda, kanpe e reponn kesyon mwen yo an franse. Pou ki sa li enpòtan pou n aprann franse?

Magda eseye fòme fraz li yo, men mo yo melanje nan bouch li. Li panike. Aprè twa tantativ, men sa li reponn:

— Parce que nou bezwen li pou apprendre...

Tout klas la pran ri. Yon ti gwoup elèv ki toujou ap anmède Magda di :

— Gade ti Magda ki pa menm konn pale franse byen!

Madmwazèl Mari frape sou biwo li pou li mete disiplin, epi li gade Magda ak yon figi meprizan.

— Magda, si ou vle reysi, fòk ou aprann pale franse san fay! Kreyòl pa yon lanng. Se yon lanng pou moun betize!

Magda santi kè li ap fann. Li besè tèt li. Li santi li wont. Imilyasyon ap ravaje kè li. Nan kè lou li a, Magda ap mande tèt li : Èske paske li pale kreyòl, sa vle di li pa entèlijan?

Rive lakay li, li rakonte manman li ak papa li sa ki pase. Manman li gade li byen fiks nan je epi li di li:

— Magda, pitit mwen, pa janm pè pale lanng ou. Kreyòl, kòm mwen toujou di w, se idantite ou. Yo vle fè ou wont, paske ou soti nan klas moun, yo rele moun anba yo, moun mòn yo. Yo vle fose w panse an franse, men èske ou konnen Dessalines pa te konn pale franse?

Magda sezi. Li toujou tande pale de Dessalines kòm papa nasyon an, men li pa te janm panse Papa nasyon an pa te pale lanng kolon yo.

— Pitit mwen, noumenm pèp ayisyen nou te toujou pale kreyòl, e nou te goumen pou libète nou. Tout estrateji nou te devlope pou nou goumen yo, se avèk lanng kreyòl la nou te transmèt yo. Nan sans sa a, lanng kreyòl se lanng libète. Yo pa ka fè ou wont, paske ou rete konekte ak rasin ou!

Magda santi yon flanm limen nan kè li. Li deside chache konnen plis sou istwa kreyòl la. Nan liv, li jwenn mo tankou "Négritude", "Kreyolizasyon", li li liv sou Félix Morisseau-Leroy, Frankétienne, e li dekouvi gen gwo ekriven ki toujou ekri nan lanng pèp la tankou Manno Ejèn, Jan mapou, Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn), elatriye.

Nan lekòl la, li otorize tèt li reponn plis kesyon an kreyòl. Li ekri disètasyon li yo an franse. Men, li entegre mo kreyòl ladan yo. Li demonstre tout moun, li pa genyen okenn jennman, ni lawonte pou li itilize lanng zansèt li yo. Pi plis toujou, kesyon jennen pou li pale kreyòl te disparèt net ale.

Yon jou, li deside fè yon prezantasyon devan tout lekòl la sou istwa lang kreyòl la. Li pale sou batay ki te fèt pou lanng kreyòl la rantre ofisyèlman anndan lekòl peyi Ayiti nan ane 1980. Li esplike tou fason moun nan sosyete te meprize lanng kreyòl pandan plizyè syèk, epi finalman rive nan ane 1987, Konstitisyon peyi a rekonèt lanng kreyòl la kòm yon nan de lanng ofisyèl peyi Ayiti.

Elèv yo gade li avèk etònman. Yo pa te janm tande tout sa li te ap di a. Epi, pou premye fwa, menm Madmwazèl Mari pa di anyen. Sanble, limenm tou, li te sezi. Petèt, limenm tou, li aprann anpil nan prezantasyon Magda a.

Lè Magda desann platfòm la, tout elèv yo bat bravo. Gen kèk ki pwoche bò kote li epi yo di li:

— Nou pa te konnen tout sa sou kreyòl. Ou ban nou anpil kouraj pou nou fyè nou se Ayisyen!

Magda souri. Li santi li leve pi wo pase tout baryè ki te kanpe devan li yo. Li pa bezwen pè ankò, li pa bezwen mande pèmisyon pou li pale lanng li kèlkeswa kote li ale a.

Lè li tounen lakay li, li di manman li ak papa li:

— Yo te vle fè m konprann mwen pa anyen, men mwen te demonstre yo, sa pa te mèl mwen. Dayè, yo te menm ban mwen zèl pou mwen al fè rechèch. Kounye a, mwen kapab di : tout moun dwe kanpe pou fè lòt moun parèy yo respekte dwa yo. Mwen! Lang mwen se kreyòl. Mwen se Ayisyen. Nou la pou letènèt. Epi ki te mele mwen avèk moun ki vle devalorize kreyòl.

Mapou's Back... Visit Today

THE JEWEL OF LITTLE HAITI IS OPEN FOR BUSINESS



MONDAY, WEDNESDAY & FRIDAY 9AM-6PM

5919 NE 2ND AVE, MIAMI, FL 33137 305.757.9922